



## Kesyon Yo Poze Souvan (FAQ)

Tit Règleman an: Egzijans Fòmasyon Esansyèl EEC

Nimewo Règleman an: FO-26-04

Dat Li Pibliye: 06 Me, 2026

Dat Li An Vigè: 01 Jiyè, 2026

Lyen Règleman an: [EEC website link](#)

---

**Q. Poukisa mwen bezwen pran fòmasyon sa yo?**

A. Fòmasyon sa yo se yon kondisyon federal nan Sous Blòk Sibvansyon pou Swen/Gadri ak Devlopman Timoun 2014 la (oswa CCDBG), prensipal sous federal pou finansman edikasyon pou timoun piti yo. Objektif yo se sipòte edikatè timoun piti yo nan domèn kontni kle pou pwoteje sante ak sekirite yon timoun pandan li nan gadri a/swen yo.

**Q. Mwen te pran pake fòmasyon orijinal EEC Essentials ki gen 12 kou. Èske mwen bezwen pran pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 la?**

A. Wi.

**Q. Ki pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 mwen bezwen pran?**

A. Gen de (2) pake fòmasyon EEC Essentials 2.0. Anplwaye yo pral enskri epi konplete pake ki aplikab la selon tip pwogram yo a:

- Tout anplwaye k ap travay dirèkteman ak timoun epi ki konte nan rapò nan **pwogram timoun piti yo (pwogram ki baze nan sant ak swen/gadri famiyal)** ap enskri epi konplete pake 13 kou ki rele "EEC Essentials pou Timoun Piti yo 2.0." Pake sa a ta dwe pran apeprè 12 èdtan e li sèlman bezwen pran yon sèl fwa.

- Tout anplwaye k ap travay dirèkteman ak timoun yo epi ki konte nan rapò nan pwogram Aprè Lekòl la ak Pwogram Lè Lekòl la Fèmen (ASOST) yo dwe enskri epi konplete pake 11 kou ki rele "EEC Essentials pou Pwogram ASOST 2.0." Pake sa a ta dwe pran apeprè 10 èdtan e li sèlman bezwen pran yon sèl fwa.

**Q. Èske mwen bezwen pran pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 chak ane?**

A. Pake sou fòmasyon EEC Essentials 2.0 la bezwen fèt sèlman yon sèl fwa. Edikatè yo bezwen konplete pake pou rafrechi memwa nou sou EEC Essentials la chak ane anvan 30 Jwen.

**Q. Mwen te pran pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 anvan yo te anboche m. Èske mwen bezwen pran fòmasyon pou rafrechi memwa m sou EEC Essentials la?**

A. Wi, toutanplwaye ki konsène yo dwe konplete fòmasyon pou rafrechi memwa yo sou EEC Essentials la chak ane sou oswa anvan 30 Jwen.

**Q. Ki pake fòmasyon rafrechi EEC Essentials mwen bezwen pran?**

A. Gen de pake nan fòmasyon pou rafrechi memwa w sou EEC Essentials la.

Anplwaye yo pral enskri epi konplete pake ki aplikab la selon tip pwogram yo:

- Tout anplwaye ki konsène nan **pwogram pou timoun piti yo (pwogram ki baze nan sant ak gadri famiyal yo)** ap enskri epi konplete pake twa èdtan "Rapèl EEC Esansyèl pou Timoun Piti pou Rafreshi Memwa w" chak ane sou oswa anvan 30zyèm Jwen .
- Tout anplwaye ki konsène nan pwogram **Aprè Lekòl ak Pwogram Lè Lekòl Fèmen (ASOST)** yo dwe enskri epi konplete pake twa èdtan "EEC Essentials pou Rafreshi Memwa w sou Pwogram ASOST la" chak ane, sou oswa anvan 30 Jwen.

**Q. Ki kote fòmasyon EEC Essentials 2.0 ak EEC Essentials pou Rafreshi Memwa nou an ye?**

A. Ou ka jwenn fòmasyon yo anliy sou sit EEC nan [StrongStart Learning Management System \(LMS\)](#). LMS la ofri epi kontwole kou EEC yo, sa ki enkli kou oto-ritm tankou kou EEC Essentials 2.0 yo, osi byen ke kou enstriktè ap dirije ki apwouve pa EEC.

**Q: Mwen se yon nouvo pwofesè nan yon sant swen/gadri timoun (oswa pwogram FCC). Kilès nan de (2) modil fòmasyon yo mwen bezwen konplete an premye?**

A: Pake fòmasyon sou EEC Essentials 2.0 la dwe konplete anvan ou kòmanse travay nan pwogram nan. Chak ane apre sa, w ap bezwen konplete fòmasyon pou rafrechi memwa w sou EEC Essentials la selon tip swen/gadri ou ye a.

**Q. Èske nouvo anplwaye yo ka kòmanse travay nan yon pwogram anvan yo fin konplete kou EEC Essentials 2.0 la?**

A. Tout anplwaye yo dwe konplete pake kou EEC Essentials 2.0 ki apwopriye pou tip pwogram yo anvan yo kòmanse travay ak timoun yo nan pwogram lan.

**Q. Mwen te deja ap travay nan yon pwogram lè kondisyon EEC Essentials 2.0 te antre an vigè. Ki dat mwen dwe konplete EEC Essentials 2.0?**

A. Tout anplwaye yo dwe konplete pake kou EEC Essentials 2.0 la anvan 30 Jwen 2025.

**Q. Mwen te pran EEC Essentials 2.0 mwens pase yon ane de sa, anvan mwen te kòmanse travay nan yon pwogram. Èske mwen bezwen konplete yon fòmasyon pou rafrechi memwa m sou EEC Essentials la anvan 30 Jwen menm ane a?**

A. Non, ou ka pran fòmasyon pou Rafreshi Memwa w sou EEC Essentials la pou premye fwa anvan 30 Jwen nan ane k ap vini an. Pa egzanp, si ou fin konplete fòmasyon EEC Essentials 2.0 la nan dat 15 Fevriye 2026, ou pa bezwen konplete fòmasyon pou Rafreshi Memwa w sou EEC Essentials la jiska 30 Jwen 2027. Apre sa, ou dwe pran kou pou Rafreshi Memwa w chak ane sou oswa anvan 30 Jwen.

**Q. E si mwen te deja pran yon kou ki apwouve pa EEC sou nenpòt nan sijè sa yo?**

A. Tout Anplwaye k ap travay dirèkteman ak timoun yo dwe konplete kou EEC Essentials 2.0 anvan yo kòmanse travay ak timoun yo. Sa ki enkli anplwaye ki te ka deja resevwa fòmasyon sou youn oswa plizyè nan sijè sa yo oparavan. Sa yo se egzijans Gouvènman Federal la.

**Q. Èske fòmasyon sa yo konte pou èdtan devlopman pwofesyonèl EEC egzije a?**

A. Konplete pake fòmasyon sou EEC Essentials 2.0 an atravè LMS EEC an ap konte pou èdtan fòmasyon devlopman pwofesyonèl anyèl ki obligatwa yo.

Konplete fòmasyon pou rafrechi memwa w chak ane sou EEC Essentials la ap konte pou èdtan fòmasyon devlopman pwofesyonèl anyèl ki obligatwa yo, **sèlman premye fwa yo pran li.**

**Q. Èske gen nan fòmasyon sa yo ki konte pou èdtan devlopman pwofesyonèl EEC egzije sou aprenan dives la?**

A. Non, okenn nan fòmasyon sa yo pa konte pou egzijans devlopman pwofesyonèl EEC sou aprenan dives yo.

**Q. Mwen pa travay ak tibebe. OSWA mwen travay nan yon pwogram ki sèvi tibebe, men mwen pa travay nan yon klas pou tibebe. Èske mwen bezwen pran "Pratik sou Kijan Pou Mete Tibebe Dòmi San Danje " ak "Sendwòm Danje ki Genyen nan Sekwe yon Tibebe"?**

A. Tout anplwaye ki nan pwogram FCC ki baze nan sant pou timoun piti dwe konplete chak modil fòmasyon EEC Essentials 2.0, enkli "Pratik Kijan pou Mete Tibebe Dòmi an Sekirite " ak "Sendwòm Danje ki Genyen nan Sekwe Tibebe." Anplwaye nan pwogram ASOST yo ap konplete EEC Essentials 2.0 pou pwogram ASOST yo, ki pa enkli de (2) kou ki fokis sou tibebe yo.

**Q. Èske fòmasyon "Enfòmasyon Debaz sou Premye Swen ak CPR" la diferan de lè nou jwenn yon sètifika sou Premye Swen oswa CPR?**

A. Wi, "Enfòmasyon debaz sou Premye Swen ak CPR" se yon fòmasyon ki federalman obligatwa ki bay yon apèsi sou sijè a **men li pa kalifye w pou w gen yon sètifika.** Egzijans regilasyon EEC konsènan sètifikas sou CPR ak Premye Swen pa chanje.

## **PATISIPAN OBLIGATWA**

**Q. Èske Administratè Pwogram yo bezwen pran fòmasyon yo?**

A. Wi.

**Q. Èske ranplasan ki travay detanzantan (e yo konte yo nan rapò lè yo travay) bezwen pran fòmasyon yo?**

A. Wi , Nenpòt anplwaye yo konte nan rapò lè yo dwe pran fòmasyon an.

**Q. Èske volontè yo bezwen pran fòmasyon yo?**

A. Volontè ki konte nan rapò a dwe pran fòmasyon yo.

- Q. Èske monitè otobis yo (pa chofè yo) bezwen pran kou Transpò a?**  
**A.** Wi.
- Q. Chofè yo pa gen yon nimewo PQR. Kisa yo ta dwe itilize pou ranplase nimewo PQR la pou enskripsyon?**  
**A.** Chofè yo ka itilize kòd "1111" olye de nimewo PQR la lè y ap anrejistre nan LMS la.
- Q. Èske moun ki gen lisans Gadri Familyal (FCC) yo bezwen pran fòmasyon yo?**  
**A.** Wi, tout anplwaye k ap travay dirèkteman ak timoun yo dwe konplete fòmasyon EEC Essentials 2.0 ak fòmasyon pou rafrechi memwa yo chak ane sou EEC Essentials la tou.
- Q. Èske Asistan Sètifye FCC ak Asistan Nòminal yo bezwen pran fòmasyon an?**  
**A.** Wi, tout anplwaye k ap travay dirèkteman ak timoun yo dwe konplete fòmasyon EEC Essentials 2.0 ak fòmasyon pou rafrechi memwa yo chak ane sou EEC Essentials la tou.
- Q. Èske anplwaye Sistèm FCC yo bezwen pran fòmasyon yo?**  
**A.** Non, anplwaye Sistèm FCC (vizitè lakay, anplwaye sipò PD/QRIS, elatriye) pa bezwen pran fòmasyon yo. Sepandan, li trè rekòmande pou yo pran fòmasyon yo pou yo ka sipòte edikatè FCC yo.
- Q. Nan pwogram Head Start la, kote gen anplwaye sèvis ak sipò pou fanmi, èske yomenm tou bezwen pran fòmasyon yo, oswa sèlman depatman edikasyon an?**  
**A.** Daprè règleman an, nenpòt moun ki travay dirèkteman ak timoun ak administratè pwogram yo dwe pran fòmasyon yo.
- Q. Si nou fè kontra ak yon konpayi otobis ekstèn, kiyès ki responsab pou asire ke chofè otobis yo fè fòmasyon sou transpò?**  
**A.** Pwogram nan responsab pou asire ke transpò yo gen kontra avè li a konplete fòmasyon an.
- Q. Chofè nou genyen an soti nan sistèm lekòl piblik pou yon timoun k ap resevwa sèvis. Èske nou bezwen fè li pran modil transpò a? E si konpayi otobis la pa vle konfòme li ak sa?**

- A. Modil transpò a dwe ranpli pa kèlkeswa kontraktè transpò ki reprezante pwogram nan. Malgre EEC pa gen sipèvizyon dirèk sou konpayi transpò yo, si yo pa konfòme yo, EEC ka pran aksyon kont pwogram nan.

## **SIVEYANS AK KONFÒMITE**

### **Q. Kijan EEC pral siveye konfòmite m nan konplete fòmasyon sa yo?**

- A. Direktè Pwogram/Pwopriyetè lisans FCC yo dwe kenbe yon dosye pèsonèl pou chak manm anplwaye pwogram/Asistan FCC ki montre prèv yo fin konplete pake fòmasyon ki obligatwa a. Nan 1ye Jiyè 2025, anplwaye lisans EEC yo te kòmanse siveye pou detèmine si kondisyon fòmasyon EEC Essentials 2.0 yo te konplete. Apati 1ye Jiyè 2026, anplwaye lisans EEC yo pral kòmanse siveye pou detèmine si kondisyon fòmasyon pou Rafreshi memwa nou sou EEC Essentials yo te konplete.

### **Q. Kijan mwen ka pwouve mwen te pran kou yo?**

- A. Lè anplwaye yo fin konplete pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 ak EEC Essentials pou Rafreshi Memwa w la, yo dwe soumèt sètifika yo bay administratè oswa direktè pwogram yo, ki pral ajoute sètifika a nan dosye pwogram yo oswa nan dosye pèsonèl yo.

Moun ki gen lisans Swen/Gadri Familyal pou Timoun yo dwe telechaje sètifika yo, ansanm ak sètifika tout anplwaye k ap travay nan pwogram nan, nan Bibliyotèk Dokiman yo nan pòtal LEAD la.

### **Q. Si anplwaye yo pa konplete fòmasyon EEC Essentials 2.0 ak kondisyon pou Rafreshi Memwa nou sou EEC Essentials yo, kisa sa vle di pou pwogram nou an?**

- A. Nan dat 1ye Jiyè 2025, anplwaye lisans EEC yo te kòmanse fè siveyans pou asire ke kondisyon fòmasyon EEC Essentials 2.0 yo te ranpli. Apati 1ye Jiyè 2026, anplwaye lisans EEC yo pral kòmanse fè siveyans pou detèmine si kondisyon fòmasyon pou Rafreshi Memwa nou sou EEC Essentials yo te ranpli. Si yon pwogram pa asire ke chak manm pèsonèl/asistan k ap travay dirèkteman ak timoun yo epi ki konte nan rapò pèsonèl-timoun pwogram nan fin konplete pake fòmasyon an, sa ka lakòz o upran kontravansyon/tikè pou non-konfòmite.